

Vaksen kont Menengokòk

Sa ou dwe konnen

1 Kisa maladi menengokoksik ye?

Maladi menengokoksik se yon maladi grav ke yon bakteri bay moun. Se li ki prensipal kòz timoun laj 2-18 lane trape menenjit bakteryen Ozetazini.

Menenjit se yon enfeksyon fliyid ki antoure sèvo a ak mwal epinyè a. Maladi menengokoksik lakòz enfeksyon tou nan san.

Apeprè 2600 moun trape maladi menengokoksik chak ane Ozetazini. Malgre tretman ak antibyotik 10-15 % moun sa yo mouri. Pami sa ki viv yo, 11-19 % pèdi bra yo oswa janm yo, oubyen vin soud, gen pwoblèm sistèm nève, vin gen reta mantal, oswa soufri avèk malkadi oswa fè estwòk..

Nenpòt moun kapab trape maladi menengokoksik. Men, se maladi ki pi komen pou timoun ki poko gen laj yon lane ak pou moun ki gen kèk pwoblèm medikal, pa egzanp moun ki pa gen larat. Elèv ki fèk rantrè kolèj k ap viv nan dètwa gen plis posiblite pou trape maladi menengokoksik.

Yo ka trete enfeksyon menengokoksik avèk medikaman tankou Penisilin. Epoutan, apeprè yon (1) moun sou chak dis (10) moun ki trape maladi a mouri, epi plizyè lòt rete domaje pou tout rès lavi yo. Se sa ki fè li enpòtan **prevni** maladi a grasa itilizasyon vaksen kont menengòk pou moun ki plis riske trape bakteri a.

2 Vaksen kont maladi menengokoksik

Gen de (2) vaksen kont maladi menengokoksik ki disponib Ozetazini :

- Vaksen polisakarid kont maladi menengokoksik

(MPSV4) ki disponib depi ane 1970 yo.

- Yo apwouve vaksen asosye kont maladi menengokoksik (MCV4) an 2005.

Toulède vaksen yo kapab anpeche moun trape **4 kalite** maladi menengokoksik, tankou 2 nan 3 kalite ki pi komen Ozetazini, ak yon kalite ki lakòz epidemi nan Lafrik. Vaksen kont maladi menengokoksik la pa kapab anpeche moun trape tout kalite maladi. Men yo pwoteje anpil moun ki ta ka vin malad si yo pa te pran li.

Toulède vaksen yo bay bon rezilta, epi yo pwoteje apeprè 90 % moun ki pran yo. MCV4 se yon vaksen ki sipoze pwoteje moun pi byen pandan pi lontan.

MCV4 dwe pi bon tou pou anpeche maladi gaye ant moun youn ak lòt.

3 Kimoun ki dwe pran vaksen kont maladi menengokoksik, epi kilè?

Lè tout timoun ale wè doktè pou vizit woutin yo anvan peryòd adolesans yo (vè laj 11-12 lane), yo rekòmande yo pou pran MCV4. Pou elèv ki pa te janm pran MCV4 anvan, yo rekòmande yon dòz lè y ap antre nan lekòl segondè.

Lòt adolesan ki vle diminye risk pou trape maladi menengokoksik, ka pran vaksen an tou.

Yo rekòmande vaksen kont maladi menengokoksik tou pou lòt moun ki riske anpil trape maladi menengokoksik :

- Elèv premye ane kolèj k ap viv nan dètwa.
- Mikwobyolojis ki ankontak regilyèman ak bakteri menengokoksik.
- Moun yo rekrite kòm militè Ozetazini
- Tout moun k ap vwayaje oswa k ap viv nan yon zòn nan lemond kote maladi menengokoksik kouran, tankou nan kèk zòn Lafrik.
- Tout moun ki gen twoub larat, oswa yo te wete larat li.
- Tout moun ki gen ensifizans tèminal pwoteyin konplèmantè *terminal complement component deficiency* (ki se yon maladi onivo sistèm iminitè).
- Moun ki kapab te ekspoze a menenjit pandan yon epidemi.

MCV4 se pi bon vaksen pou moun ki gen laj 11-55 lane pami gwoup moun sa yo ki riske trape maladi a, men yo pa ka itilize MPSV4 si pa gen MCV4. Yo dwe itilize MPSV4 pou timoun ki gen laj 2-10 lane, ak adilt ki gen plis pase 55 lane, ki riske trape maladi a.

Konbyen dòz yon moun dwe pran?

Moun ki gen laj 2 lane ak plis dwe pran yon (1) dòz. (Pafwa yo rekòmande yon dòz adisyonèl pou moun ki toujou menase trape maladi a. Mande doktè w.)

Yo ka rekòmande MPSV4 pou timoun ki gen 3 mwa ak lòt ki gen 2 lane nan kèk sikonstans espesyal. Timoun sa yo dwe pran 2 dòz, 3 mwa apa.

4 Kèk moun pa dwe pran vaksen kont maladi menengokoksik, oswa dwe tann yon bout tan anvan yo pran l

• Tout moun ki te fè yon **alèji grav (ki manke touye yo)** lè yo **te pran premye dòz** nenpòt vaksen kont maladi menengokoksik pa dwe pran yon lòt dòz.

• Tout moun ki fè yon **alèji grav (ki manke touye yo)** a **nenpòt engredyan vaksen an** pa dwe pran vaksen an. Fè doktè ou konnen si w fè alèji grav.

• Tout moun ki santi **yo pa anfòm oswa ki grav** lè yo pwograme pou pran vaksen an dwe pètèt tann jiskaske li geri. Mande doktè oswa enfimyè ou a. Moun ki gen **yon maladi ki pa grav** kapab pran vaksen an anjeneral.

• Nenpòt moun ki te gen **Sendwòm Guillain-Barré Guillain-Barré Syndrome (GBS)** dwe pale sou sa avèk doktè yo anvan yo pran MCV4.

• Yo ka bay fanm ansent vaksen kont maladi menengokoksik. Men, MCV4 se yon nouvo vaksen, epi yo pa ko etidye l otan MPSV4, jan li aji sou fanm ansent. Yo dwe itilize li sèlman si li vrèman nesèsè.

• Yon moun kapab pran vaksen kont maladi menengokoksik anmenmtan avèk lòt vaksen.

5 Ki risk ki genyen lè moun pran vaksen kont maladi menengokoksik?

Yon vaksen, tankou tout medikaman, kapab pètèt lakòz pwoblèm grav, tankou reyaksyon alèjik grav. Risk pou vaksen kont maladi menengokoksik lakòz pwoblèm grav, oswa lanmò piti anpil.

Ti pwoblèm

Apeprè mwaye moun ki pran vaksen kont maladi menengokoksik genyen reyaksyon segondè pa twò grav, tankou iritasyon po oswa doule kote yo pike a.

Si pwoblèm sa yo rive, anjeneral yo dire 1 jou oswa 2 jou. Pwoblèm sa yo pi kouran lè yon moun fin pran MCV4 pase lè li pran MPSV4.

Yon ti pousantaj moun ki pran vaksen an gen lafyèv.

Pwoblèm grav

• Reyaksyon alèjik grav, kèk minit oswa kèk èdtan apre yon moun fin pran vaksen an, ra anpil.

• Yo rapòte pami moun ki te pran MCV4 yon twoub sistèm nève ki rele **Guillain-Barré Syndrome (GBS)**. Sa tèlman pa fasil pou rive ke kounye a yo pa ka di si vaksen an reprezante yon kòz. Menmsi li ta yon kòz, risk la piti anpil.

6 E si yon moun fè yon reyaksyon mwayen oswa grav?

Kisa mwen dwe chèche detèmine?

• Tout kondisyon li pa abitye genyen, tankou yon gwo lafyèv oswa chanjman nan konpòtman li. Sa ki ka endike gen yon reyaksyon alèjik grav se : pwoblèm respirasyon, vwa anwe oswa souf anlè, itikè, figi moun lan ka parèt blenn, feblès, batman kè rapid oswa vètij.

Kisa mwen dwe fè?

• **Telefonè** yon doktè, oswa mennen moun lan wè yon doktè touswit.

• **Fè** doktè ou konnen sa ki pase, dat ak lè sa pase, epi kilè yo te bay moun lan vaksen an.

• **Mande** doktè ou a, enfimyè ou a, oswa Depatman lasante ekri yon rapò sou reyaksyon an sou yon fòmilè nan Sistèm pou Rapò sou efè segondè yon vaksen *Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS)*.

Oswa ou kapab ranpli fòmilè sa a pou w fè rapò a sou sit wèb VAERS nan www.vaers.hhs.gov, oswa ou kapab telefone nan nimewo 1-800-822-7967.

VAERS pa bay konsèy medikal.

7 Kouman mwen kapab jwenn lòt enfòmasyon?

• Mande doktè oswa enfimyè ou a plis enfòmasyon. Yo kapab montre w *prospectus* ki anndan bwat vaksen an, oswa yo kapab sijere w lòt sous enfòmasyon.

• Telefone Depatman lasante nan zòn ou abite a oswa Depatman lasante Eta kote w ap viv la.

• Kontakte Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi *Centers for Disease Control and Prevention (CDC)* :

- Telefone **nan nimewo 1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)**

- Ale sou sit wèb CDC pou Pwogram nasyonal vaksasyon an nan www.cdc.gov/nip.

- Ale sou sit wèb CDC sou maladi menengokoksik nan www.cdc.gov/ncidod/dbmd/diseaseinfo/meningococcal_g.htm

- Ale sou sit wèb CDC pou Sante moun k ap wwayaje nan www.cdc.gov/travel.



MINISTÈ SANTE AK SÈVIS IMEN

SANT POU KONTWÒL AK PREVANSYON MALADI